

Nimewo 125

DEKRÈ EGZEKITIF

**DIRIJE DEPATMAN KONSÈVASYON ANVIWONMAN, DEPATMAN TRANSPÒTASYON,
DIVIZYON HOMELAND SEKIRITE AK SÈVIS DIJANS, DEPATMAN SANTE, AK OTORITE
DEVLOPMAN RECHÈCH ENÈJI ETA NEW YORK POU PRAN AKSYON POU RANFÓSE
SIVEYANS ANBAKMAN PWODUI PETWOLYE ETA A**

ALÓSKE, nan dat 6 Jiyè 2013 yon derayman tren nan Lac-Mégantic, Québec ki gen ladan machin tank ki tap transpòte petwòl te koze devastasyon de tout yon kominote, lanmò 47 moun, ak evakyasyon plizyè milye; e

ALÓSKE, Nan 30 desanm 2013, yon derayman tren nan Casselton, North Dakota te koze 18 machin tank ki tap transpòte petwòl brit te kreve, ranvèse plis pase 400,000 galon lit petwl nan anviwonman, e koze yon dife ki te lakoz evakyasyon plis pase yon milye rezidan nan Casselton; e

ALÓSKE, machin tren ki tap transpòte petwòl brit travèse 1,000 kilomèt nan rezo transpò tren 3,500 kilomèt nan Eta New York , soti nan Lwès New York pou pase pa rivyè Mohawk ak kominote yo ki nan Pò Albany, e soti Canada travèse fwontyè nan Rouse Point pou pase nan Lake Champlain ak nan kominote Pò Albany yo, kote li transpòte apres a nan sid, bato, ak chaloup nan oswa nan zòn rivyè Hudson oswa nan kominote New York yo nan rafinri nan eta mid-atlantik yo; e

ALÓSKE, anpil nan ogmantasyon volim petwòl brit ki te transpòte a se te akòz ogmantasyon pwodiksyon ki soti nan fòmasyon Bakken nan Nò Dakota, Montana, ak Canada, sa ki akòz mank kapasite tiyo, dwe transpòte pa tren; e

ALÓSKE, istorikman, transpò tren nan petwòl brit pi ansekirite e pwoteje anviwonman plis pase transpò pa kamyon; e

ALÓSKE, te gen yon ekspansyon enpòtan nan itilize Pò Albany nan distribisyon ak transpòtasyon petwòl brit ak lòt pwodui petwolye yo pa tren, bato, ak chaloup pou chajman nan ak nan zòn rivyè Hudson oswa nan kominote yo pou rive a rafinri ki andeyò eta ak etablisman estoraj yo; e

ALÓSKE, ogmantasyon nan frekans ak kantite machin tren, bato, ak chaloup pou transpòte petwòl brit ak lòt pwodui petwolye yo nan plizyè santèn kominote nan New York pou ogmante vilnerabilite pibik la nan yon aksidan grav; e

ALÓSKE, Zòn ki gen dlo New York yo tankou rivyè Hudson, Mohawk River, ak Lake Champlain, nan oswa avèk machin tren, bato, ak chaloup vwayaje, se resous ekolojik, kiltirèl, ekonomik, ak rekreyasyon inik kote plizyè milyon New Yòkè konte, sa ki rann zòn dlo sa yo espesyalman vilnerab pou devèsman petwòl brit ak lòt pwodui petwolye yo; e

ALÓSKE, Petwòl brit nan Bakken gen yon pi ba nivo e li se pandan gen plis tandans pou pran dife nan yon aksidan tren; e

ALÓSKE, Depatman Transpòtasyon Etazini (USDOT) nan pwosesis pou deziyen nouvo estanda sekirite ak kondisyon pou machin tren yo ak evalye potansyèl nouvo règleman pou transpòtasyon likid ki ka pran dife; e

ALÓSKE, Nan rekonèt valè efò sa yo, New York pa kapab toutfwatenn rezilta final evalyasyon federal sa yo anvan li pran aksyon; e

ALÓSKE, ap pran aksyon apwopriye ki soti nan lwa federal nan règleman transpò machandiz tren ak estanda sekirite machin tren, ak navigasyon navi kap opere nan vwa navigaj eta a; e

ALÓSKE, Depatman Konsèvasyon Anviwonman Eta New York (DEC) gen jiridiksyon li nan lè a ki pèmèt, repons a devèsman petwòl, ak estoraj pwodui petwolye yo nan rezèvwa yo; e

ALÓSKE, Depatman Transpòtasyon Eta New York (DOT) gen jiridiksyon l pou enspekte pis machandiz tren ak ekipman; e

ALÓSKE, Divizyon Homeland Sekirite ak Sèvis Dijans Eta New York (DHSES) bay asistans ak sipò a antite lokal yo ki gen rapò a planifikasyon ijans, fòmasyon, ak repons a ensidan, enkli devèsman petwòl ak dife; e

ALÓSKE, Depatman Sante Eta New York (DOH) evalye ak kontwole ekspozisyon imen ak enpak sou sante piblik devèsman petwòl ak dife, konsèy sou manipilasyon materyèl danjere ak netwayaj jan de materyèl sa yo, ak bay enfòmasyon piblik sou enpak sa gen sou sante ak mezi pwoteksyon yo; e

ALÓSKE, Rechèch Enèji ak Otorite Devlopman Eta New York (NYSERDA) aji kòm yon sant enfòmasyon resous enèjetik, kontwole e regilyèman rapòte sou apwovizyonman likid gaz ak tandans mache yo, ak kenbe enfòmasyon sou pi gwo tèminal likid pou gaz

ANKONSEKANS, Mwen, Andrew M. Cuomo, Gouvènè Eta New York an vèti de otorite ki te konfere a mwen menm pa Konstitisyon an ak lwa yo nan Eta New York, deklare la:

1. DEC, DHSES, DOT, ak DOH dwe mande touswit USDOT, Depatman Enèji Etazini (USDOE), Depatman Homeland Sekirite Etazini (USDHS), ak Gad Kot Etazini (USCG) Pou mete ajou machin sitèn ak liy sekirite tren yo, evalye bezwen ajans federal yo ak risk, ak deplwaye alavans ekipman pou repons devèsman petwòl ak resous yo pou pwoteje kominote yo nan Eta New York, rezidan, tè, ak zòn dlo yo de aksidan ki enplike transpòtasyon petwòl brit ak lòt pwodui yo pa tren, bato, ak chaloup; e

2. DEC ak DHSES, travay avèk DOT, DOH, ak NYSERDA, pral an konsiltasyon avèk USDOT, USDOE, USCG, ak USDHS, pou fè yon evalyasyon nan prevansyon devèsman petwòl nan eta ak repons règleman yo ak pwogram enspeksyon ki dirije transpòtasyon petwòl brit ak lòt pwodui petwolye yo pa tren, bato, ak chaloup; e

3. Nan oswa dat 30 avril 2014, DEC ak DHSES, avèk DOT, DOH, ak NYSERDA, pral soumèt mwen yon rapò ki rezime kapasite aktyèl eta a pou prevni ak reponn a aksidan yo ki enplike transpòtasyon petwòl brit ak lòt pwodui petwolye yo pa tren, bato, ak chaloup; e

4. Rapò konsolide sa a pral enkli men li pa limite a: (i) yon rezime de preparasyon eta pou prevni ak reponn a aksidan tren ak dlo ki gen rapò a pwodui petwolye yo; (ii) rekòmandasyon osijè lwa règleman yo, oswa chanjman administratif ki nesè nan nivo Eta pou pi byen prevni ak reponn a aksidan yo ki enplike transpòtasyon petwòl brit ak lòt pwodui petwolye yo pa tren, bato, ak chaloup; (iii) rekòmandasyon konsènan wòl ke gouvènman lokal yo toupatou nan eta gen pou pwoteje kominote yo ak rezidan yo de devèsman pwodui petwolye ki anbake pa tren ak dlo; e (iv) rekòmandasyon konsènan ranfòse kowòdinasyon ant Eta ak ajans federal yo nan fason pou amelyore kapasite Eta pou prevni ak reponn aksidan yo ki enplike transpòtasyon petwòl brit ak lòt pwodui petwolye yo pa tren, bato, ak chaloup.

TE SIYEN anba men mwen ak So Prive Vil Albany
nan ven-wityèm jou mwa Janvyè nan
ane demil katòz.

GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a